

Akeyi kominote nou an sou kanpis la yon lòt fwa

31 Janvyè 2026

Terps,

Semèn sa a te yon semèn mouvman! Nou remèsye w pou pasyans ou nan moman nou t ap jere yon seri defi tanpèt nèt ak gwo fredri ki sot pase a te lakoz. Tout kominote nou an te fè prèz rezilyans pandan nou te oblije fè fason pou n adapte fason nou aprann ak fason n travay. Epi travayè esansyèl nou yo te montre, yo estwòdinè.

Pandan n ap retounen akeyi tout moun sou kanpis la lendi k ap vini an, n ap reple n, tanperati deyò a toujou rete vrèman ba. Tanpri, sonje pou nou abiye yon fason ki apwopriye pou tan an epi pou n sikile ak pridans sou kanpis la. Ekip sèvis teknik nou yo ap kontinye travay remakab y ap fè a yon fason pou kanpis la prè pou retou kominote nou an.

Nan moman n ap reprann kou an prezansyèl epi aktivite nòmal nou yo, etidyan yo dwe poze anseyan yo, responsab depatman yo, oswa Biwo Dwayen Etidyan yo tout kesyon konsènan yon seri kou espesifik oswa sou sitiyasyon endividyèl yo. Anplwaye yo dwe poze siperyè yerachik yo kesyon yo genyen yo.

Tanpri, kontinye vizite umd.edu/weather pou w jwenn mizajou, resous ak konsiy nou te pibliye pandan tout epizòd kondisyon sezon ivè a.

Pandan peryòd difisil sa a, priyorite n se te sekirite kominote nou an ansanm ak kontinyite misyon akademik, para-eskolè ak rechèch nou yo, epi nou remèsye w pou fleksibilite w ak konpreyansyon w.

Lizay,

Jennifer King Rice

Vis Prezidan Prensipal epi Dwayèn

Li (Pwonon feminen)

Patty Perillo

Vis Prezidan pou Zafè Etidyan yo

Li (Pwonon feminen)

Charles R. Reuning

Vis Prezidan ak Direktè Administratif

Li (Pwonon Maskilen)